QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«29» июль 2021-у. № 01-01/4-366 «____»-____________ 2021-j.

**Нөкис қаласы, Қумбыз аўыл МПЖ,**
**27-киши районы,**
**2-жай, 36-ханада жасаўшы пуқара**
**А.Пурхановқа**

**Көширмеси:**

**Өзбекстан Республикасы**
**Президентиниң Қарақалпақстан**
**Республикасындағы Халық**
**қабыллаўханасына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына өз қәнигелигиңиз бойынша жумысқа жайластырыўда әмелий жәрдем сорап жазған арзаңыз тийисли қәнигелер тәрепинен үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы "Халық билимлендириўи системасындағы шөлкем ҳәм билимлендириў мәкемелеринде бос жумыс орынлары (вакант лаўазымлар) ҳаққында министрликтиң рәсмий веб-сайты арқалы дағаза бериў тәртиби ҳаққында"ғы 20-санлы буйрығы қабыл етилди.

Усы буйрық пенен, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң "Мектеп билимлендириўи барысын басқарыў системасы - ish.uzedu.uz" базасында "Бос жумыс орынлары" бөлими арқалы район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелери тәрепинен бос турған лаўазымларға ish.uzedu.uz сайты арқалы ашық таңлаўға дағаза бериледи.

Жоқарыдағылардан келип шығып, район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелеринде бар болған бос жумыс орынлары ҳаққындағы мағлыўматларды ish.uzedu.uz сайтынан үйренип шығып, бос жумыс орны бар болған жағдайда тийисли тәртипте өзиңиздиң мағлыўматыңызды киритсеңиз жумысқа жайласыў имканиятына ийе болатуғынлығыңызды мағлыўмат ушын билдиремиз.

Сондай-ақ, министрликтиң Сизге берген жуўап хатынан қанаатланбасаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлигин түсиндиремиз.

**Екинши мәнзилге:** Мағлыўмат ушын.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **К.Бекбаулиев**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 61 222 24 66

# АКТ

**Нөкис қаласы** «29» Июль 2021 жыл

**Дүзилди усы акт төмендеги хызметкерлердиң қатнасында:**

1. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими баслығы С.Жуманиязов
(фамилияси, исми ва шарифи)
2. ҚР Халық билимлендириў министрлиги қәнигеси Ж.Алламбергенов
(фамилияси, исми ва шарифи)
3. ҚР Халық билимлендириў министрлиги қәнигеси Х.Абдижаббаров
(фамилияси, исми ва шарифи)
4. ______________________________
(фамилияси, исми ва шарифи)
5. ______________________________
(фамилияси, исми ва шарифи)

**Акт мазмуны төмендегише:**

Нөкис қаласы, 27-киши районы, 2-жай, 36-ханада жасаўшы пуқара А.Пурхановтың Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына жоллаған мүрәжаты тийисли тәртипте үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша А.Пурхановқа Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-июльдеги 01-01/4-366-санлы хаты менен жазба түрде жуўап берилди.

Усы жуўап хаты мүрәжат ийесиниң үй мәнзили болған Нөкис қаласы, 27-киши районы, 2-жай, 36-ханаға почта арқалы жиберилди.

Усы акттиң дурыслығына қол қойыўшылар.

1. С. Жуманиязов (имзо)
2. Ж. Алламбергенов (имзо)
3. Х. Абдижаббаров (имзо)
4. ______________________________(имзо)______________
5. ______________________________(имзо)______________

3-sh.

“O`zbekiston pochtasi” aksiyadorlik jamiyati

3/6364 -son KVITANSIYA

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma ПП ________ qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga Нөкис

Kimga А. Пурханов

Og`irlik ________ g.

Jo`natish uchun to`lov 7 so`m ________ tiyin

Qabul qildi ________

(imzo)